



Enfòmasyon Rapid sou renouvèlman Asirans Sante Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan ou an

NY State of Health se
Mache Ofisyèl Plan
Asirans Sante Vil
New York la.

Pou jwenn èd pou
renouvle asirans
ou an epi jwenn
enfòmasyon sou dat
renouvèlman ou an:

📞 Rele nou nan:
1-855-355-5777 oswa
TTY: 1-800-662-1220

OSWA

📧 Kontakte yon asistan ki
tou pre w sou: [https://
info.nystateofhealth.
ny.gov/findassistor](https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor)

OSWA

📍 Kontakte biwo Medicaid ki
nan zòn ou a sou: [https://
www.health.ny.gov/
health_care/medicaid/
ldss.htm](https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm)

NY State of Health konfòme li ak
lwa federal konsènan dwa sivik ak
lwa nan Eta a ki anvigè, epi li pa fè
diskriminasyon ki baze sou ras, koulè,
sèks, laj, orijin nasyonal, kwayans
oswa relijyon, eta sivil oswa sitiyaasyon
famiyal, kazye jidisyèl, kondanasyon
penal, idantite seksyèl, oryantasyon
seksyèl, karakteristik predispozisyon
jenetik, sitiyaasyon militè, viktim vyolans
nan kay epi/oswa vanjans.

Aktyèlman, èske oumenm oswa yon manm fanmi ou gen yon asirans sante gras ak New York State Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan?

Apati Prentan 2023, Eta New York pral rekòmanse ak verifikasyon pou
kalifikasyon an, pou asire l moun ki enskri yo toujou kalifye pou pwogram
sa yo. Sa vle di ou ka bezwen fè demach pou ou renouvle asirans sante
w oswa asirans manm fanmi ou an. Pa egzanp, si revni w chanje anpil
depi lè pandemi COVID-19 la kòmanse, li posib ou ka bezwen siyale
enfòmasyon sa yo bay NY State of Health pou w toujou rete enskri nan
asirans sante a.

Men kèk bagay ou kapab fè depi kounye a pou ou prepare:

1 Enskri pou jwenn alèt nan mesaj tèks.

Enskri pou resevwa alèt nan mesaj tèks NY State of Health voye
pou ou, yon fason pou ou pa rate mizajou enpòtan y ap fè nan
asirans sante a, tankou lè moman an rive pou renouvle
pwoteksyon ou an. Pou ou enskri, **tekste START voye bay
1-866-988-0327.**

2 Verifye pou adrès ou an ajou.

Asire ou NY State of Health oswa biwo Medicaid ki nan zòn ou an
gen adrès postal, nimewo telefòn ak adrès imèl ou genyen kounye
a, yon fason pou yo kapab kontakte ou konsènan asirans sante ou.

Si ou gen asirans avèk NY State of Health, ou kapab:

- Rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)
- Konekte sou kont ou an nan nystateofhealth.ny.gov
- Jwenn yon asistan nan [https://info.nystateofhealth.ny.gov/
findassistor](https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor)

Si ou gen Medicaid **gras ak biwo Medicaid ki nan Konte ou an
oswa gras ak Administrasyon Resous Imèn Vil New York (Human
Resources Administration, HRA)**, kontakte biwo ki nan zòn ou an
pou mete adrès ak enfòmasyon pou kontakte ou yo.

3 Pran mezi.

Lè moman an rive pou ou renouvle asirans, w ap resevwa yon lèt
NY State of Health oswa yon pakè renouvèlman si ou te enskri
atravè biwo konte Medicaid. Nan lèt oswa nan pakè sa a y ap di ou
kisa ou dwe fè pou renouvle asirans ou epi ki kantite tan ou genyen
pou ou fè sa. Suiv enstriksyon yo san pèdi tan.

Pou w rete enfòme epi pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou:
<https://info.nystateofhealth.ny.gov/COVID-19-Changes>